# XALÍQ DEPUTATLARÍ QARAÓZEK RAYONLÍQ KEŃESI
# SHESHIMI

2021 - yil 24 - noyabr VI-46-54-13-183-K/21 Qoraózek rayoni hákimligi

## Qaraózek rayonı hákiminiń xalıqtıń múrájatlarında kóterilgen mashqalalardı sheshiw bağdarında ámelge asırılıp atırğan jumısları boyınsha esabatı haqqında

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2021-jıl 23-iyuldegi "Xalıq múrájatları menen islesiw sistemasın túpten jańasha shólkemlestiriw is-ilajları haqqında"ğı 38-sanlı bayanlamasınıń 12-bántine muwapıq Xalıq deputatları Qaraózek rayonlıq Keńesi

**ShEShIM ETEDI:**

1. Qaraózek rayonı hákimi U.Utambetovtıń xalıqtıń múrajatlarında kóterilgen mashqalalardı sheshiw boyınsha ámelge asırılıp atırğan jumısları haqqında esabatı mağlıwmat ushın qabıl etilsin.

2. Rayon hákimligi, sektor basshıları hám barlıq taraw basshıları:

- xalıqtıń múrájat etiwine eń kóp májbúr bolıp atırğan sistemalı mashqalalar hám olardıń kelip shığıw sebeplerin orınlarda, máhálleniń ózinde saplastırıw.

- sheshiliwi keshiktirilip atırğan hámde tákiraryı múrájatlardıń awhalı sektorlar kesiminde aymaqlar boyınsha turaqlı qadağalawğa alınıp, payda bolıp atırğan mashqalalardı orınlarda saplastırıw boyınsha ayqın ilajlar belgilesin.

3. Rayon hákimligi hám barlıq taraw basshıları óz tarawları boyınsha puqaralar tárepinen kelip túsip atırğan múrájatlardı irkinishsiz qabıllaw hám turaqlı túrde tez múddette tiyisli ilajlar kóriw rejiminde jumıs alıp barıwdı shólkemlestirsin;

4. Qaraózek rayonı Máhálle hám shańaraqtı qollap-quwatlaw bólimi (G.Kudaybergenov) hám puqaralardıń ózin-ózi basqarıw uyımları baslıqlarına:

- puqaralardıń murajatları menen islesiw jumıslarındağı orın alıp atırğan

kemshiliklerdi saplastırıw hám bunnan bılay boldırmaw boyınsha ayqın ilajlar belgilew, kemshiliklerge jol qoyıp atırǵan juwapker shaxslardıń intizamiy juwapkershiligin puqaralar jıyınları wákilleri jıynalıslarında qarap barıw;

- tastıyıqlanǵan keste tiykarında aymaqlarda xalıq deputatları rayonlıq Keńesi deputatların, tiyisli mákeme, kárxana, shólkemlerdiń wákilleri hámde sektor aǵzaların qatnastırǵan halda puqaralardıń qabıllawın turaqlı túrde shólkemlestirip barıw;

- qabıllaw barısındaǵı múrájatlarda bayan etilgen mashqalalardı tiyisli taraw basshıları menen birgelikte tez múddette sheshiw boyınsha ámelge asırılǵan jumıslar haqqında Xalıq qabıllawxanasına hám sektor basshılarına belgilengen múddetlerde jazba túrde maǵlıwmat berip barıw tapsırılsın.

5. Xalıq deputatları Qaraózek rayonlıq Keńesi deputatları ózleri saylanǵan okrugleri aymaǵındaǵı puqaralardıń múrájatlarında kóterilgen mashqalalardı sheshiw boyınsha kórilip atırǵan is-ilajlardıń orınlanıwı ústinen turaqlı túrde deputatlıq qadaǵalawın alıp barsın.

6. Usı sheshimniń orınlanıw barısın qadaǵalaw Xalıq deputatları Qaraózek rayonlıq Keńesiniń turaqlı komissiyalarına júklensin.

**Keńes baslıǵı** **U.Utambetov**